



Pou Piblikasyon Imedya: 21/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AMANDMAN 30 JOU POU AKSELERE PWOJÈ ENÈJI RENOUBLAB YO EPI ESTIMILE KWASANS EKONOMIK NAN KAD PWOGRAM KLIMA A K'AP MENNEN NAN NASYON AN**

***Lejislasyon an vize kreye Biwo Pèmi Enèji Renouvlab***

***Biwo a pral rasyonnalize pwosesis seleksyon sit ki respekte nòm anviwònmantral epi ki rantab pou pwojè enèji renouvlab nan wo nivo atravè Eta a***

***Lejislasyon pou akselere pwogrè nan direksyon manda Eta a pou obteni 70 pousan elektrisite apati sous renouvlab disi 2030 ak lòt objektif k'ap mennen nan nasyon an nan Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse li ap avanse yon amandman bidjetè 30 jou pou dramatikman akselere pèmi ak konstriksyon pwojè enèji renouvlab yo, k'ap konbat chanjman klima ak devlope ekonomi vèt eta a. Si yo adopte li, Lwa Akselerasyon Kwasans Enèji Renouvlab ak Avantaj Kominotè (Accelerated Renewable Energy Growth and Community Benefit Act) a pral kreye yon nouvo Biwo Pèmi Enèji Renouvlab pou amelyore ak rasyonnalize pwosesis seleksyon sit ki respekte nòm anviwònmantral epi ki rantab pou pwojè enèji renouvlab wo nivo atravè New York pandan l'ap bay avantaj enpòtan nan kominote lokal yo. Anons jodi a pral akselere pwogrè nan direksyon objektif enèji pwòp ak klima k'ap mennen nan nasyon Gouvènè Cuomo a - ki enkli manda pou jwenn 70 pousan elektrisite eta a apati sous renouvlab yo - jan yo idantifye anba Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a

"Chanjman klima se defi egzistansyèl epòk nou an, e Eta New York sezi okazyon an nan adopte lwa ki pi fò nan nasyon an pou pwoteje ak prezève anviwònman nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lejislasyon sa a pral ede reyalize yon avni ki pi dirab, dinamize ekonomi vèt la epi reyafime pozisyon New York kòm yon lidè sou mache a ak yon pwosesis remanye pou bati ak delivre pwojè enèji renouvlab pi vit."

Lejislasyon inovatè sa a montre angajman eta a pou devlope enèji renouvlab nan kreye yon nouvo pwosesis seleksyon sit ki fèt espesyalman pou etablisman enèji renouvlab yo.

Pwosesis seleksyon sit pwodiksyon enèji ki egziste deja nan eta a te fèt pou pèmèt santral elektrik ak konbistib fosil epi li te kreye anvan objektif aktyèl enèji pwòp ak anviwònmantral k'ap mennen nan nasyon an anba CLCPA a. Nouvo pwosesis lokalizasyon robis sa a pral kreye nòm modènize pou devlope pwojè enèji renouvlab a

yon vitès rapid pou satisfè ijans kriz klima a. Nan aliye estrateji devlopman ekonomik ak klima New York yo, lejislasyon an pral asire tou ke devlopman enèji renouvlab se yon pati santral nan lavni ekonomik eta a epi li pral menm estime yon kwasans ki pi gwo nan anplwa ekolojik yo. Nouvo estrikti Lwa kreye a santre seleksyon sit enèji renouvlab ak pèmi aktivite nan Depatman Devlopman Ekonomik lan. Estrikti a kreye tou, yon fason apa, yon nouvo pwogram kote Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority) pral kolabore avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) pou devlope sit ki prepare pou pwojè enèji renouvlab yo. Lejislasyon konplè sa a rekadre pwosesis devlopman enèji renouvlab la ak eleman enpòtan sa yo:

### **Etabli Biwo Pèmi Enèji Renouvlab:**

Lwa a pral konsolide revizyon anviwònmanal ak pèmi prensipal enstalasyon enèji renouvlab yo pou bay yon sèl fowòm nan kote nouvo Biwo Pèmi Enèji Renouvlab oswa "Biwo Pèmi" Depatman Devlopman Ekonomik (ki se branch ajans eta Empire State Development), pral asire ke desizyon pou bay pèmi yo previzib, responsab, epi bay nan dèle pou ede Eta a reyalize objektif CLCPA yo.

Nouvo biwo a pral:

- Itilize estanda lokalizasyon pwojè ki reflekte enpak anviwònmanal an komen ak tip pwojè renouvlab yo, epi enkli mezi rediksyon davans pou adrese enpak sa yo.
- Devlope bòdwo pèmi pou kòmantè piblik epi asire ke aplikasyon konplè yo trete nan espas yon ane, eksepte nan ka sèten ansyen sit komèsyal ak endistriyèl, ke yo pral revize nan espas sis mwa.

Minisipalite yo pral gen yon opòtinite pou konseye Biwo a an konfòmite avèk lwa lokal yo epi Biwo Pèmi an pral konsidere ak kapab aplike lwa lokal yo ak fè limyè sou enèji pwòp Eta a ak objektif anviwònmanal yo anba CLCPA a.

Pwojè ki deja kòmanse bay pèmi nan kad pwosesis aktyèl Atik 10 la yo pral kapab patisipe nan nouvo pwosesis bay pèmi an pou asire yo kapab akselere kalandriye achèyman pa yo.

### **Pwogram Ankourajman ak Devlopman Resous Enèjetik Pwòp:**

Pou asire devlopman enèji renouvlab yo vize pi bon kote yo pou avanse devlopman ekonomik pandan y'ap pwoteje resous natirèl yo, Lwa a kreye tou Pwogram NYSERDA Pwogram Ankourajman ak Devlopman Resous Enèjetik Pwòp (Clean Energy Resources Development and Incentives Program) pou avanse rapidman nouvo pwojè ki "Prè pou Bati" epi priyore devlopman sit komèsyal ki egziste deja oswa ki te abandone yo, zòn endistriyèl yo, depotwa yo, ansyen sit endistriyèl yo, ak sit abandone yo oswa sit ke yo pa itilize ase. NYSERDA, an konsiltasyon avèk ESD ak lòt ajans yo, pral imedyatman kòmanse pouswiv kontwòl sit ak aktivite devlopman pre-konstriksyon pou nouvo pwojè potansyèl enèji renouvlab yo, ki gen ladan pèmi ak evalyasyon fezabilite resous yo, kominote akèy ak akò PILOT yo, konsepsyon, planifikasyon ak lòt aktivite apwopriye nesèsè pou etabli sit ki prè pou bati yo. Yon fwa ke yo otorize ak devlope sit yo konplètman, NYSERDA pral mete sit devlope yo nan vant ozanchè,

akonpanye ak kontra pèman enèji renouvlab, pou bay devlopè prive yo yon pake san risk pou konstwi ak opere pwojè nan sit sa yo.

### **Pwogram Avantaj pou Kominote Akèy yo:**

NYSERDA pral devlope tou yon Pwogram Avantaj pou Kominote Akèy yo pou pwopriyete ak kominote ki gen sit ki prè pou bati pou resevwa ankourajman pou òganize prensipal enstalasyon enèji renouvlab yo. Anplis de sa, NYSERDA ta gen yon wòl konsiltatif nan devlopman akò Pèman nan plas taks, pou asire yon kondisyon ki jis ak ekkitab pou kominote yo nan evalye taks sou pwopriyete yo.

Lwa a kreye yon nouvo pwogram ke Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission) la dwe etabli pou bay rezidan nan kominote ki akeyi pwojè enèji pwòp la rabè sou bòdwo sèvis piblik yo. NYSERDA pral kreye tou yon nouvo Fon pou Opòtinite Mendèv Lokal avèk sibvansyon fòmasyon mendèv sou enèji pwòp kote kominote akèy yo ta kalifye pou aplike.

### **Planifikasyon rezo ak soulajman kontrent livrezon enèji (Transmisyon):**

Dapre Lwa a, Eta a pral akselere tou livrezon transmisyon renouvlab la pou asire ke enèji renouvlab yo kapab transmèt yon fason fyab ak rantab pou satisfè objektif anbisye devlopman renouvlab ak rediksyon emisyon CLCPA a. Lwa a etabli yon apwòch agresif ak konplè pou akselere investisman ak devlopman yon rezo fyab, modèn ki gen ladan:

- Devlope yon pwogram investisman transmisyon an blòk ki pa sèlman akselere devlopman atravè planifikasyon ak pwosesis devlopman ki egziste deja, men tou ki apiye konplètman sou kapasite inik Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la pou rapidman konstwi nouvo transmisyon, pou kont li oswa an patenarya ak lòt moun.
- Aplike yon pwosesis seleksyon sit senplifye pou enfrastruktir transmisyon ki te konstwi selon dwa ki egziste pou reyalize objektif Eta a atan an matyè konstriksyon enèji renouvlab ak rediksyon emisyon yo.
- Mande NYSERDA, an konsiltasyon avèk Otorite Enèji New York la, Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority), operatè rezo ak sèvis piblik eta yo, pou fè yon etid konplè pou idantifye distribisyon rantab, amelyorasyon sistèm elektrik lokal ak blòk yo ak depoze etid la nan Komisyon Sèvis Piblik la.
- Mande Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission) la etabli yon pwogram kapital pou sistèm transmisyon ak distribisyon lokal, ak etap ak revizyon ki asosiye yo, pou chak sèvis piblik nan tèritwa sèvis kote amelyorasyon lokal yo jije nesesè.

Kolektivman, dispozisyon ki nan Lwa a pral sèvi pou akselere nouvo investisman prive ak alimante plis kwasans anplwa sektè enèji pwòp ki deja ap fleri nan eta a. Selon Rapò Endistri Enèji Pwòp NYSERDA a, an 2018, yo te anplwaye prèske 159,000 travayè enèji pwòp atravè eta a, epi sektè a ap grandi a plis pase de fwa to ekonomi an an jeneral. Nan dènye ane a pou kont li anplwa solè ogmante a plis pase 10 pousan, sa ki ajoute plis pase 1,000 anplwa nan yon sèl ane dapre National Solar Foundation (Fondasyon Nasyonal Solè)

## **Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la**

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a se inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, epi li ap mete eta a sou wout pou l vin konplètman net sou plan degajman kabòn atravè tout sektè nan ekonomi an yo epi tabli yon objektif pou gen yon sistèm elektrik ki net sou plan degajman kabòn apati 2040, pi rapid pase tout lòt Eta nan nasyon an. Li fonde sou akselerasyon san presedan enèji pwòp New York la ki gen ladan envestisman 2.9 milya dola nan 46 pwojè enèji renouvlab ak gran echèl toupatou atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, yon angajman pou devlope prèske 1,700 megawat enèji ewolyèn bò 2024, ak 1,700 pousan kwasans nan sektè enèji solè ki distribye depi 2012.

Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a ke yo te pwomilge resaman egzije menm sib enèji pwòp Nouvo Akò Ekolojik la k ap trase chemen an pou nasyon an: nèf (9) jigawat enèji ewolyèn olaj zòn kot yo apati 2035, sis (6) jigawat enèji solè yo distribiye apati 2025, ak twa (3) jigawat estokaj enèji apati 2030, pandan l mande pou yo fè yon tranzisyon òdone ak jis anvè enèji pwòp k ap kreye djòb epi kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik. CLCPA mande ajans ak otorite Eta New York yo tou pou yo travay an kolaborasyon ak pati konsène yo pou yo devlope yon plan pou redwi degajman gaz a efè sè yo 85 pousan soti nan nivo ane 1990 yo bò 2050, epi yo vize investi 40 pousan nan resous enèji pwòp ak efikasite enèjetik yo pou benefisye kominote defavorize yo, atenn 70 pousan enèji renouvlab apati 2040 lan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)